

Konsèy Jistis Anviwònmantal
Reyinyon #4
Jedi 27 oktòb 2022
6:00 pm
Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote reyinyon an fèt: Zoom webinar

Dokiman Reyinyon: [Ajenda, dyapozitiv, pwosè vèbal reyinyon \(27/09/2022\)](#)

Manm Konsèy ki prezan yo:

- Kalila Barnett
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Pyè Maathey
- Ari Zorn

Anplwaye EOEEA ki prezan: Rishi Reddi, Vallery Cardoso, Carline Lemoine (EJ Office)

Reyinyon an te kòmanse a 6:00 pm.

Byenvini ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an

Rishi Reddi, Prezidan Konsèy EJ ak Direktè EJ nan EEA prezante tèt li ak Direktè Adjwen Kowòdinasyon Entèn, Vallery Cardoso, ak Carline Lemoine, Direktè Adjwen Kowòdinasyon Entèvenan Ekstèn yo. Rishi te note disponiblite entèprèt nan lang Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamyen, Kreyòl Cape Verde, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Li te pakouri lojistik la pou poze kesyon ak itilize chanèl entèpretasyon yo.

Apèl; Apwobasyon pwosè vèbal reyinyon anvan yo

Rishi te mande Manm Konsèy yo mete non yo nan chat la pou kontrandi a. Li te prezante ajenda a epi li te mande si Manm Konsèy yo te gen lòt kesyon ki antre nan sijè sa yo ke yo te vle ajoute. Okenn Manm Konsèy la pa t gen anyen pou ajoute.

Rishi te fè yon apèl pou konfime kowòm nan. Lis Manm Konsèy ki prezan yo parèt pi wo a anba "Manm Konsèy ki prezan".

Rishi te mande EJC a si yo te gen bagay pou yo ajoute nan pwosè vèbal reyinyon an. Manm Konsèy yo pa t gen anyen pou ajoute. Rishi te ouvri deba a pou yon mosyon pou adopte pwosè vèbal yo jan yo ye a. Caroline Hon te fè mosyon pou adopte epi Peter Maathey te apiye l. Lè sa a, Rishi te fè yon vòt pa apèl nominal. Tout manm ki te prezan yo te apwouwe pwosè vèbal yo jan yo ye a.

Anons

Rishi te fè anons sa yo:

- Yo espere estrateji EJ EEA a pral soti nan mitan mwa novanm nan. Peryòd kòmantè publik la pral louvri pou apeprè 2 mwa. Plis enfòmasyon pral vini.
- Vèsyon preliminè Evelyasyon Klima MA an disponib 2 novanm epi kòmantè publik yo dwe soumèt 16 novanm. Ou ka jwenn plis enfòmasyon isit la: <https://www.mass.gov/info-details/ma-climate-change-assessment>

Kontrandi Prezantasyon an pa Gwoup Travay Jistis Anviwònmantal la

Rishi te fè referans ak prezantasyon sis manm Gwoup Travay EJ a (EJTF) EEA te fèt nan reyinyon Konsèy EJ a nan dat 27 oktòb la. Li te louvri deba a pou nenpòt kòmantè oswa enpresyon Manm Konsèy la sou sa ki te prezante nan dènye reyinyon an.

Sa ki annapre yo se kòmantè Manm Konsèy EJ ak Prezidan an nan yon fòm rezime:

Kalila Barnett te fè remake li te itil pou tandem yon apèsi, men se te anpil enfòmasyon epi li te difisil pou kenbe tout. Ki jan Konsèy EJ a ka swiv EJTF a epi èske gen yon opòtinite pou fè sa alavni? *Rishi te reponn ke nou te kapab mande rezantant nenpòt ajans pou antre epi pale. Èske gen yon bagay ki ta itil espesyalman?*

Lydia Lowe te reyaji menm jan sou kòmantè Kalila a. Lydia te fè remake ke li te enteresan pou tandem, men li te akablan. Chak ajans gen pwòp plan li. Èske gen yon rezime sou fason tout bagay fonksyone ak plan ki enplike yo?

Cheryll Holley te mande si gen yon plan global ke eta a ap travay sou li? Li pa t klè si yo tout ap mennen nan menm kote a, ak kisa kote sa a ta ka ye.

Kalila Barnett te fè remake li itil pou gen kontèks, men li toujou pa klè ki jan sa atikile. Li ka vin pi klè pandan Konsèy EJ a ap antre pi fon nan travay la.

Ari Zorn reponn ke li ap aprann ofiamezi.

Caroline Hon te mande si panse a se ke nou ka itilize yon ajans patikilye kòm yon resous lè w ap travay sou aspè yo nan definisyon an, oswa èske pral gen yon apwòch ki pi fòmèl? *Rishi Reddi reponn ke tou de se posibilité.*

Marcos Luna te fè remake ke li te apresye dènye reyinyon an. Li te rete ak plis kesyon sou fason EJ ap vin entegre atravè ajans yo. Li te rekòmande pou chak plan EJ afiche ak yon deskripsyon sou fason yo ap travay nan objektif plan an. Sa ap ede ak responsabilite. *Rishi te reponn ke Estrateji EJ EEA a ap soti nan mitan mwa novanm nan. Dokiman an se yon plan pou fason ajans yo pral avanse.*

Kòmantè EJC sou CECP

Hanh Chu te fè yon rapèl rapid sou prezantasyon Plan Enèji Pwòp ak Klima li nan yon reyinyon anvan Konsèy EJ. Lè sa a, li te mande Konsèy EJ a fè kòmantè, ke yo te vote nan sèvi ak yon sondaj enfòmèl pou apwouve yo kòm kòmantè ofisyèl Konsèy EJ a sou CECP a. Apre diskisyón, Rishi te mande si kòmantè yo pataje sou ekran an reflete kòmantè Manm Konsèy EJ yo e si yo ta renmen soumèt kòmantè yo bay EEA. Kalila Barnett te fè remake li dakò ak pi fò nan kòmantè yo epi li vle plis tan pou fè egzèsis sa a paske sa a pa t pi bon fason pou fè kòmantè. Manm Konsèy ki te prezan nan reyinyon an tout te vote wi pou soumèt kòmantè yo. Kòmantè yo diskite ak vote pa Konsèy EJ a se jan sa a:

Fidbak Konsèy Jistik Anviwònmantal la sou CECP 2050

- Distribisyon ekitab avantaj yo
 - Bezwèn gade kote envestisman yo ap pase sou: pwojè enèji pwòp ak enfrastrikti
 - Elaji plantasyon pye bwa nan kominote EJ yo
 - Ki kote dekabonizasyon an ap fèt jeyografikman? (evite kite kominote yo bloke ak enfrastrikti k ap emèt yo)
 - Emisyon yo pa ta dwe kontinye nan kominote EJ pandan lòt kominote yo ap fè eksperyans lè ki pi pwòp
- Plis detay nan Plan an
 - Plis detay pou ankouraje altènativ pou machin pèsonèl yo: objektif ak mezi ki pi klè
 - Plis klate sou fason envestisman eta a pral avanse bon jan kalite travay pou kominote EJ yo
- Ogmante aksè, elimine baryè yo
 - Ogmante aksè a resous efikasite enèjetik, nan ki nivo resous sa yo ap fèt pou lokatè yo

- Gade ki moun ki gen aksè a avantaj yo, rezidan EJ yo jwenn aksè a avantaj ekitab, retire obstak sistemik (pri pou bilding ki pi ansyen yo, konsepsyon pwogramasyon, kowòdone ak kòd konstriksyon) pou jwenn aksè nan avantaj.
- Pri
 - Pri machin elektrik pou konsomatè LMI ak rezidan EJ: pa gen anpil moun ki gen mwayen pou achte machin elektrik nan men dilè (egzanp pwoblèm kredi) oswa rete tou pre transpò piblik ,konsa yo gen tandans kondui machin ki pi ansyen. Eta a ta dwe gen yon plan pou ede moun sa yo epi pa sèlman moun ki kapab peye machin elektrik yo.
- Endistri yo
 - Anprend kabòn nan endistri yo (ansyen ak novo) - endistri ki gen gwo entansite enèjetik yo dwe reglemante oswa oblige diminye konsomasyon enèjetik ak pwofil emisyon yo.
- Lokalizasyon Enèji
 - Bezwèn konsiderasyon ak anpil atansyon sou enkyetid EJ men asire ke yo pa depase nesesite pou lokalizasyon alè nan pwojè enèji renouvlab yo.

Kontinye diskisyon sou pwodui travay EJC, pwosesis, ak operasyon konsènan analiz konplè sou definisyon "Popilasyon EJ" (kontinye nan reyinyon #2 nan dat 15 septanm 2022)

Rishi te prezante 3 opsyon pwodui travay ki te diskite nan yon reyinyon Konsèy EJ anvan. Apre sa, li te mande Manm Konsèy yo ki opsyon yo te prefere. Opsyon sa yo te:

1. Rapò oral pou Sekretè Enèji ak Anviwònman ak Kad Siperyè EEA yo nan reyinyon EJC dapre Lwa sou Reyinyon Piblik yo.
2. Rapò ekri pou Sekretè Enèji ak Anviwònman an, ki disponib kòm yon dokiman piblik.
3. Rapò Ekri, ki dwe akonpaye pa yon reyinyon EJC ak Sekretè Enèji ak Afè Anviwònman ak Kad Siperyè EEA yo.

6 nan manm Konsèy prezan yo te prefere opsyon 3, epi yon moun te prefere opsyon 2.

Kiyès ak kisa ki manke nan definisyon aktyèl Popilasyon EJ?

Rishi te louvri diskisyon an, mande "Ki moun ak kisa ki manke nan definisyon aktyèl la nan Popilasyon EJ?" Sa ki annapre yo se kòmantè Manm Konsèy la, sou fòm rezime:

arcos Luna: Règleman an gen yon dispozisyon pou kominate yo mande pou yo deziyen yo si sa pat enkli. Li toujou flou ki jan yo ta fè sa ak ki jan li ta dwe aplike. Pa egzanp, yon zòn ki pi piti ki dilye pa gwoup blòk la anjeneral. Antanke pwosesis, li enpòtan pou presize ki jan pou fè sa egzakteman. Ta dwe konsidere tou kominate endijèn ki pa gen ase gwo kantite.

Peter Maathey: Ki definisyon minorite yo? (*Rishi Reddi te bay definisyon jan sa endike nan Estrateji Jistis Anviwònmantal EEA a*).

Cheryll Holley: Fwontyè peyi endijèn yo pa matche ak done resansman yo. Gwoup blòk resansman yo pa enkli zòn riral yo. Sa a se yon pwoblèm pou moun ki gen revni ki ba nan MA Santral ak Oksidental.

Kesyon / kòmantè piblik la

Rishi te louvri deba a pou kesyon piblik la.

Marian Belen Power te eksprime enkyetid konsènan kote enfrastrikti enèji pwòp nan kominate EJ yo.

Vallery Cardoso te li kesyon ki nan bwat K&R yo. Sa ki anba la yo se kesyon yo voye nan K&R yo.

#	Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	Jen Salinetti, Woven Roots Farm & Education Center, nan Berkshires. Ki jan mezi enèji efikas sa yo pral travay pou lokatè yo?	Jennifer Salinetti	Nan kad pwogram mAssSAve, gen pwogram espesyal ki ka benefisyé lokatè yo, men gen yon dekoneksyon paske pwopriyetè yo pral oblige kenbe. Sa a se yon pwoblèm ke yo rekonèt epi Komisyon sou Chofaj Pwòp la te diskite sou sa a ak plan pou abòde pwoblèm sa a nan rekòmandasyon ki pi detaye.
2	Èske plantasyon sa yo pral santre nan kote EJ yo? Ki jan yo pral detèmine plantasyon yo?	Jennifer Salinetti	
3	Èske pral gen yon mache kabòn? Epi kòm pifò forè se pou moun blan ki nan kominote ki pa EJ, èske pral gen yon egzijans pou yon pousantaj kredi kabòn ale nan kominote EJ yo?	Jennifer Salinetti	Sa yo pa nan pwopozisyon nou an pou CECP 2050 la.
4	Kijan sekisyon sou tè k ap travay yo gen rapò ak Plan Tè Sante Eta a?	Jennifer Salinetti	Ekip GWSA te revize Plan Aksyon Healthy Soils la. Pwopozisyon CECP 2050 la se pou kontinye ankouraje pratik ki sen pou tè a tankou labouraj ki fèb sou tè agrikòl ak itilizasyon rekòt kouvèti. Chèche finansman pou bay avantaj finansye a fèmye ki angaje nan pratik sa yo.
5	Ki envertisman eta a pral fè nan devlope plis espas vèt pi lwen pase pwogram pou vil pòtay vèt yo?	Jennifer Salinetti	Nan CECP 2025/2030 ki te soti nan mwa jen, GWSA te angaje l pou l konsève 30% tè ak dlo Massachusetts an 2030 pou pita. Lè yo konsève tè sa yo, yo kapab disponib pou aksè piblik. Pwopoze nan CSCP 2050 la pou ogmante a 40%.
6	Èske gen sib nan plan an pou deplwaman solisyon yo dirèkteman rive atenn ak benefisyé kominote EJ yo? Pa egzanp, an tèm de sèvis efikasite enèjetik, distribye resous tankou twati ak kominote solè, machin elektrik, plante pye bwa?	Paula García	Nan pwopozisyon pou CECP 2050 la, nou vle asire nou fikse yon objektif pou gen yon sèten nivo envertisman nan enèji pwòp ak envertisman klima nan kominote EJ oswa benefisyé popilasyon EJ yo. Nou vle pwopoze ak angaje nan yon pwosesis. Nou pa gen yon bon metrik/bon objektif san nou pa konsilte dabò Konsèy EJ ak entèvenan yo.
7	Ki konsiderasyon y ap fè alantou lojman abòdab jan li gen rapò ak konsèvasyon tè? Ki jan eta a pral abòde rasis istorik ki entegre nan konsèvasyon tè a? Kijan Leta pral sipòte kominote EJ k ap deplase nan espas riral yo pou jere tè k ap travay sa yo?	Jennifer Salinetti	

8	Èske pral gen amann pou moun ki kondui machin ki ansyen yo? Ki kote yo pral jwenn elektrisite epi ki jan yo pral abòde pri elektrisite k ap monte a?	Jennifer Salinetti	Pa pral gen amann. Sa a pa nan pwopozisyon nou an pou CECP 2050 la. Règleman nou yo pou ogmante itilizasyon machin elektrik yo vize fabrikan yo. Nou ap bay avantaj pou konsomatè yo achte machin sa yo. Elektrisite a pral alimante pa rezo elektrik la. Si w chaje lakay ou, w ap peye nan kad bòdwo elektrik ou, men gen lòt kote nan tout eta a, tankou nan travay ak biznis tankou IKEA, kote ou ka chaje.
9	Èske kesyon yo afiche nan chat la pral enkli nan kòmantè yo?	Jennifer Salinetti	Kesyon ki afiche nan chat la pa pral enkli nan kòmantè publik yo pou CECP la. Anplis repons Hanh a, kesyon yo poze nan bwat chat la epi yo pa abòde pandan reyinyon an pral afiche sou paj wèb Konsèy EJ nou an nan dat reyinyon espesifik la (https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council) . Nou pral fè tout sa nou kapab pou bay repons pou kesyon yo poze yo.
10	Èske Konsèy EJ a se sèl responsabilite EJ pou CECP a? Ki estrikti responsabilite alontèm ki an plas pou CECP?	Jennifer Salinetti	
12	Definisyon minorite sa a gen rapò ak majorite global la.	Jennifer Salinetti	Mèsi pou kòmantè ou.
13	Pandan ke gen zòn santralize lojman ak endistri, pi fò nan popilasyon an pa ap viv pre sant komès yo. Nò Berkshires se yon zòn riral ki gen gwo chomaj ak gwo povrete, ki souvan agrandi nan kominote ki majinalize yo. Mwen kwè gen yon nivo povrete 13.8% pousan (MA=10%), men sa pa endike gwo diferans selon ras, imigrasyon ak/oswa andikap. Mank opòtinite travay ak djòb salè ba, ansanm ak fatig nan lit kont povrete, rasis, santiman anti-imigran, ak lòt faktè souvan lakòz frakti ak izòlman nan kominote a. Izòlman sa a amplifye pa rasis enstitisyonèl nan sektè lojman, lekòl, ak espas travay. Mank responsabilite ak restitisyon mennen nan dezespwa.	Jennifer Salinetti	Mèsi pou kòmantè ou. Rishi te reponn ke li pa panse ke definisyon an totalman pran an konsiderasyon fason kominote MA yo estriktire nan lwès pa rapò a fason yo estriktire nan pati lès eta a. Mwen wè sa a kòm yon bagay ki retounen ak yon bagay nou pral oblige diskite pandan dewoulman diskisyon sa yo. Kòmantè sa a enkli kèk nan pwoblèm sa yo.

14	Pa dekwa! Mwen pa konnen kijan pou m fè yon kòmantè vèbal nan fowòm sa a! Mèsi paske w te li Val!	Jennifer Salinetti	Si ou leve men ou mwen ka ba ou privilèj pou pale.
----	---	--------------------	--

Pwochen Etap ak Kloti Reyinyon an

Rishi te anonse pwochen reyinyon Konsèy EJ a ap fèt 9 novanm 2022 a 6:00 pm. Apre sa, li te mande yon mosyon pou klotire reyinyon an. Kalila Barnett te fè mosyon pou klotire, epi Ari Zorn te apiye l. Reyinyon te klotire a 8:00 pm.